

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Sikep basa mangrupa sikep manusa sacara positif jeung négatif kana basa, dialék, logat ogé panyatur basa anu bédha nu miboga variasi-variasi basana séwang-séwangan. Nurutkeun Wagiati, spk. (2017, kc.214) yén ayana variasi basa lantaran kabutuhan jeung sikep panyatur dina komunikasi. Kajian ngeunaan variasi anu aya di para panyatur basa bisa katitén tina sudut sikep basana.

Sikep basa mangrupa wilayah kajiwaan, anu biasana katitén dina wangu tindakan atawa paripolah. Ayana fénoména kajiwaan panyatur ditegeskeun ku Sobara & Ardiyani (2013, kc.94) yén fénoména kajiwaan teu bisa ditilik langsung, tapi bisa ditilik ngaliwatan paripolah makéna basa atawa paripolah omongan. Sanajan teu unggal paripolah omongan némbongkeun ayana sikep basa atawa sabalikna hiji sikep basa teu salawasna bisa ditilik tina paripolah panyaturna.

Sababaraha faktor anu mangaruhan kamampuh sikep basa atawa omongan hiji jalma nyaéta kakawasaan kosa kecap, tata basa, jeung omongan anu hadé, kamampuh anu luyu jeung situasi di mana sarta iraha komunikasi dilakukeun ogé bédana sawangan hiji jalma dina nyanghareupan basa. Lobana masarakat anu ngaku urang Sunda tapi kanyataanna mah teu pati maliré kana basa Sunda. Katitén kana kaayaan kiwari, geus katémbong aya robahna basa, ngésérna jeung ngukuhan basa. Masarakat geus loba kapangaruhan ku budaya-budaya deungeun kaasup basa, balukarna masarakat geus mopohokeun tur ninggalkeun budayana sorangan, kaasup basa indungna sorangan nyaéta basa Sunda. Basa Sunda anu jadi basa indung di Jawa Barat kiwari geus mimiti ditinggalkeun tur katutup ku basa-basa anu leuwih loba dipaké ku masarakat sacara umum khususna bahasa Indonesia (ngésérna basa). Di paguyuban aliansi kulawarga Sunda nusantara sorangan kaayaan basa Sundana alus, hususna dina wangu kasenianana, malih mah ieu paguyuban téh réa ngawanohkeun seni-seni kasundaan tapi dina wangu basana sorangan henteu luyu jeung tetekon basa Sunda (Undak-usuk Basa). Dina makéna basa Sunda, pasti aya nu ngaranna Undak-Usuk basa Sunda (Tatakrama

Basa Sunda). Nurutkeun Riana & Setiadi (2015, kc.2) éta hal mangrupa *pembakuan* basa nu geus ditetepkeun dina éta basa.

Upamana, anggota paguyuban aliansi kulawarga Sunda Nusantara anu katitén tina tuturanana nalika ngobrol, dina ungkara kalimah “*Dina basa Sunda mah teu aya nu ngaranna undak-usuk basa*”. Éta ungkara némbongkeun yén anggota paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara teu nyaho kana ayana tatakrama dina basa Sunda.

Ieu hal patali jeung sikep basa, naha anggota paguyuban aliansi kulawarga Sunda Nusantara miboga sikep basa positif atawa sikep basa négatif? Salaku paguyuban anu ngamumulé jeung ngawanohkeun ka masarakat ngeunaan sosial, budaya sareng seni Sunda. Luyu jeung pamadegan anu ditétélakeun ku Sudaryat (2014, kc.24) yén basa téh sipatna ngabudaya atawa *kultural* lantaran basa téh salian ti mangrupa “UNSUR” budaya, sakaligus jadi “WAHANA” pikeun miara jeung mekarkeun budaya deuih. Basa ngagambarkeun kahirupan kabudayaan masarakat nu makéna, kitu ogé jeung seni bisa kagambarkeun atawa dimanifestasikeun dina basa. Jadi, geus sakuduna anggota paguyuban AKSAN boga kaparigelan ngagunakeun basa Sunda. Kaparigelan ngagunakeun basa Sunda kudu ditarung ogé ku sikep positip kana basa Sunda nu jadi basa daerah jeung basa indungna. Saupamana, anggota-anggota paguyuban aliansi kulawarga Sunda nusantara henteu maké basa Sunda nalika komunikasi sarta teu luyu jeung tetekon basa Sunda, ieu paguyuban moal nyaho kana ayana undak-usuk basa Sunda, padahal ieu paguyuban téh kawilang saé pisan dina mikacinta kasundaanna, lamun sikepna goréng kana basa Sunda kumaha bisa disebut yén éta paguyuban anu reueus kana basa Sunda.

Panalungtikan sikep basa samodél kieu kungsi dilaksanakeun saméméhna, di antarana waé “Sikap Bahasa Mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Inggris Terhadap Bahasa Indonesia” ku (Alimin, spk., 2017) jeung “Sikap Bahasa Siswa Terhadap Bahasa Indonesia: Studi Kasus Di SMA Negeri 1 Singaraja” (Wardani, spk., 2013). Jaba ti éta, aya panalungtikan séjén anu patali jeung sikep basa dina wangu skripsi anu judulna “Sikep Basa Kulawarga dina Ngukuhkeun

Basa Sunda di Désa Ciwidéy Kabupatén Bandung” (Yusuf, 2012) jeung “Sikep Anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupaten Bandung kana Basa Sunda” (Anggraeni, 2016).

Sasaruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta sarua medar ngeunaan sikep basa, kaasup tiori ciri-ciri sikep basa nurutkeun Garvin jeung Mathiot sarta wangenan basa, masarakat basa jeung faktor-faktor anu mangaruhan kana sikep basa. Panalungtikan saméméhna tangtu baé béda jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ayeuna. Sok sanajan sarua dijudulan sikep basa, tapi dina lebah objékna mah béda. Ieu panalungtikan pikeun nambahann pangaweruh ngeunaan sikep basa di paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara. Salian ti éta panalungtikan ngeunaan paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara can kungsi dilakukeun ku panalungtik séjén.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan ngeunaan “Sikep Basa Sunda Anggota Paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara Dina Kagiatan Kasundaan” perlu dilakukeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Sawatara masalah anu bisa diidéntifikasi patali jeung ieu panalungtikan, di antarana, saperti ieu di handap.

- a. Kagiatan kasundaan anu diayakeun ku paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara.
- b. Sikep anggota paguyuban kana basa Sunda dumasar kana 3 (tilu) aspék nyaéta kasatiaan, kareueus jeung kasadaran ayana norma basa.
- c. Faktor-faktor naon waé anu mangaruhan sikep anggota paguyuban kana basa Sunda.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan bisa ditegeskeun dina wangu kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kagiatan kasundaan naon waé anu diayakeun ku paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara?
- b. Kumaha sikep basa Sunda anggota paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara dina kagiatan kasundaan nu patali jeung kasatiaan, kareueus jeung kasadaran ayana norma basa?
- c. Faktor-faktor naon waé anu mangaruhan sikep basa Sunda anggota Paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara dina kagiatan kasundaan?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho kumaha sikep basa Sunda anggota paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara dina kagiatan kasundaan. Lian ti éta, pikeun méré stimulus ka anggota paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara sangkan leuwih paduli kana kaayaan basa Sunda ayeuna.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsiéneun:

- a. kagiatan kasundaan anu diayakeun ku paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara;
- b. sikep basa Sunda anggota paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara dina kagiatan kasundaan nu patali jeung kasatiaan, kareueus jeung kasadaran ayana norma basa;
- c. faktor-faktor anu mangaruhan sikep basa Sunda anggota Paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara dina kagiatan kasundaan;

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku dua aspek nyaéta 1) mangpaat tioritis jeung 2) mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahán élmu pangaweruh dina widang sosiolinguistik ngeunaan sikep basa. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa

jadi ukuran dina ngeuyeuhan data anu valid pikeun mikanyaho kaayaan makéna basa Sunda di tatar Sunda, ogé pikeun mikanyaho kamampuh anggota ngagunakeun basa Sunda boh di lingkungan paguyuban, masarakat atawa di imah.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan, nyaéta ieu di handap.

- a. Méré kasadaran ka para anggota paguyuban aliansi kulawarga Sunda Nusantara kana pentingna maké basa daerah salaku basa Indung.
- b. Jadi conto pikeun masarakat tur anggota-anggota nu aya di éta paguyuban sangkan leuwih reueus kana basa Sunda sarta panggeuing pikeun dijaga tur diriksa, salahijina basa Sunda dipaké dina kahirupan sapopoé.
- c. Data anu geus dibeunangkeun bisa dijadikeun acuan pikeun ngaronjatkeun *éksisténsi* basa Sunda.

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika penulisan dina nyusun ieu skripsi, nyaéta saperti ieu di handap.

Bab I mangrupa bubuka tina skripsi anu eusina medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II tatapanan tiori medar ngeunaan tiori anu patali jeung sikep basa, nu nyoko kana 3 (tilu) ciri sikep basa nurutkeun Garvin jeung Mathiot dina Suwito (1983, kc.91) yén sikep basa miboga 3 (tilu) ciri nyaéta kasetiaan basa, kareueus basa jeung kasadaran ayana norma basa. Salian ti éta dipedar ogé ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III métode panalungtikan medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data jeung lokasi panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, intrumén panalungtikan sarta analisis data.

Bab IV ngadéskripsikeun data jeung hasil panalungtikan.

Bab V kacindekkan jeung saran.